

**MODÈL FÒM KONSANTMAN AN
POU VERIFYE SI YON TIMOUN GEN YON NIMEWO IDANTIFIKASYON
KLIYAN/ASIRANS MEDICAID AK POU JWENN AKSÈ NAN ASIRANS MEDICAID
YON PARAN OSWA ELÈV POU PEYE POU SÈTEN SÈVIS EDIKASYON ESPEYAL
NAN PWOGAM EDIKASYON PÈSONALIZE YON ELÈV.**

Chè Paran / Responsab Legal _____:

Sa a se pou mande ou pèmisyon (konsantman) pou _____ voye bòdwo bay pwogram Asirans Medicaid pa w oswa pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pitit ou a ak pou mande ou pou bannou Nimewo Idantifikasyon Kliyan (Client Identification Number, CIN) pitit ou a oswa pèmèt nou jwenn CIN nan si ou pa konnen li.

Konsantman sa a pèmèt Distri lekòl / Konte a voye bòdwo bay Medicaid pou sèvis sante ak pou pataje enfòmasyon ak Ajan Bòdwo Medicaid Distri lekòl / Konte a pou rezon sa a.

Mwen rele, _____ epi kòm paran / responsab legal _____
(Ekri non paran an an lèt detache) (Ekri non timoun nan an lèt detache)

mwen te resevwa yon notifikasyon alekri nan men Distri lekòl / Konte a ki eksplike dwa federal mwen konsènan itilizasyon avantaj oswa asirans piblik pou peye pou sèten sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo.

Mwen konprann epi mwen dakò pou Distri lekòl la mande pou yon Nimewo Idantifikasyon Kliyan (Client Identification Number, CIN), pou verifeye si li kalifye pou Medicaid, ak / oswa pou jwenn aksè nan Medicaid pou peye pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo.

ak/oswa pou voye bòdwo pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo ki nan IEP pitit mwen an. Yo pral kominike dosye sa yo:

Dosye yo bezwen pataje (pa egzanp dosye oswa enfòmasyon sou sèvis pitit ou resevwa, enfòmasyon demografik elèv la)

CIN elèv la, si ou konnen li: _____

Mwen bay konsantman mwen libelibè, epitou mwen konprann mwen ka anile konsantman mwen nenpòt kilè. Mwen konprann tou dwa pitit mwen pou resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo pa depann ditou sou si mwen bay konsantman ou pa epi, kèlkeswa desizyon mwen pou bay konsantman sa a, y ap bay pitit mwen tout sèvis ki nesèsè nan IEP pitit mwen an gratis.

Siyati Paran/Responsab Legal: _____

Ekri Non Ou an Lèt Detache

Dat la